

**Enstriksyon ak Kesyon Moun Poze Souvan  
Antant pou yon Vyolasyon anrapò ak Etablisman Alimantè**

**KISA “FÈ ANTANT ANRAPÒ AK KA MWEN AN” SIYIFI?** Lè w fè yon antant, ou rekonèt tout vyolasyon ki site nan asiyasyon pou parèt la epi ou ap peye yon amann ki pi piti pase amann minimòm ki rekòmande pou vyolasyon sa yo.

**POUKISA MWEN DWE FÈ ANTANT?** Lè w fè yon antant epi w peye tout Montan Antant lan anvan dat odyans lan, ou pa oblije vini nan odyans lan epi w ap evite posibilite pou peye yon pi gwo amann apre ofisye odyans lan fin tande tout prèv ki gen nan dosye a.

**KI MOUN KI KALIFYE POU FÈ ANTANT?** Aktyèlman, yo konn ofri antant pou moun nan etablisman ki bay sèvis manje yo ki te resevwa asiyasyon pou parèt.

**KILÈ MWEN KAPAB FÈ ANTANT?** Divizyon Odyans OATH la ("Tribinal") dwe resevwa dokiman ki montre ou Aksepte Antant lan (nan kourye lapòs, an pèsòn oswa anliy), san wete tout pèman pou Montan Antant lan, anvan odyans ki pwograme a. Si yo pa resevwa pèman an ak dokiman ki montre ou Aksepte Antant lan anvan dat odyans lan, ou menm oswa yon moun ki reprezante w dwe ale nan odyans lan.

**KILÈ MWEN DWE PEYE?** Ou dwe peye tout Montan Antant lan nan moman ou soumèt dokiman ki montre ou Aksepte Antant lan. Yo p ap konsidere ka a regle toutotan ou pa fin peye tout Montan Antant lan.

**SI MWEN FÈ ANTANT, ÈSKE M DWE TOUJOU AL KOTE YON OFISYE ODYANS POU YON ODYANS?** Non. Lè w fè yon antant epi w peye tout Montan Antant lan anvan dat ak lè odyans lan, ou rekonèt vyolasyon ki site nan asiyasyon pou parèt la epi ou pa oblije ale nan yon odyans.

**ÈSKE M KAPAB MANDE YON ODYANS OSWA FÈ YON APÈL APRE M FIN FÈ ANTANT?** Non. Ou pa kapab mande yon odyans oswa fè yon apèl apre ou fin aksepte yon antant. Lè w fè yon antant, ou renonse ak dwa ou genyen pou mande yon odyans devan yon ofisye odyans, ak dwa ou genyen pou fè apèl.

**KIJAN M KAPAB AKSEPTE ANTANT YO OFRI MWEN AN?** Ou kapab aksepte Antant yo ofri ou a lè ou peye tout Montan Antant lan nan kourye lapòs, an pèsòn nan Divizyon Odyans OATH la, oswa anliy nan NYC Business Express ([www.nyc.gov/businessexpress](http://www.nyc.gov/businessexpress)):

1. Anliy: Ou kapab aksepte Antant yo Ofri ou a (epi itilize yon kat kredi oswa debi pou fè yon pèman) anliy, ale sou [www.nyc.gov/business](http://www.nyc.gov/business) epi chwazi “Violations” (Vyolasyon) nan meni an.
2. Nan Kourye Lapòs: Tribinal la dwe resevwa dokiman ki montre ou Aksepte Antant lan ansanm ak pèman pou tout Montan Antant lan anvan odyans ki pwograme pou ou a. Voye yon kopi pati anlè fòm pou Aksepte Antant ou an, ansanm ak yon chèk oswa yon manda postal pou tout Montan Antant lan ki fèt nan non “NYC Department of Finance”, bay:

OATH Hearings Division  
Church Street Station  
P.O. Box 4466  
New York, NY 10261-4466

3. An Pèsòn: Ranpli pati anlè fòm pou Aksepte Antant lan. Pote li ansanm ak pèman ou an nan Divizyon Odyans OATH la anvan odyans ki pwograme pou ou a, epi fè biwo resepsyon an konnen ou vle peye



Montan Antant lan. Ou kapab peye pa mwayen chèk, manda postal, kat kredi oswa debi. Dat odyans ou an ak adrès OATH la ekri sou papye asiyasyon pou parèt la.